

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMENDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékomendasi tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

#### 5.1 Kacindekan

Dina panalungtikan modél *Explicit Instruction* pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca warta nu dilaksanakeun di SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung Taun Ajar 2017/2018 ngaliwatan métode Penelitian Tindakan Kelas (PTK) bisa dicindekkeun:

- 1) dina nyieun rarancang pangajaran nyaéta *rencana pelaksanaan pembelajaran* (RPP) dina siklus I jeung siklus II eusina ngawengku identitas, tujuan pangajaran, kompetensi dasar (KD), indikator *pencapaian* kompetensi, matéri pangajaran, métode pangajaran, média pangajaran, sumber diajar, léngkah-léngkah pangajaran, ogé *penilaian* nu geus disaluyukeun jeung kabutuhan dina matéri pangajaran maca warta;
- 2) prosés pangajaran maca warta ngagunakeun modél *Explicit Instruction* dina siklus I jeung siklus II némbongkeun parobahan nu hadé. Ku dilarapkeunna ieu modél, siswa jadi leuwih kairut tur sumanget dina diajar warta basa Sunda. Siswa nu mimitina éraan jeung teu wani nyarita basa Sunda geus ngamimitian *percaya diri* pikeun maca warta basa Sunda. Ku cara diaping ku guru, siswa jadi ngarasa nyaman pikeun diajar nu. Ku kituna, siswa bisa maham pangajaran kalayan hade;
- 3) saluyu jeung dina prak-prakan pangajaran nu lumangsung sacara éféktif tur némbongkeun antusias siswa, hasil diajar siswa katitén aya parobahanna. Peunteun maca warta siswa ngaronjat ti pra-siklus ka siklus I nepi ka siklus II. Boh ditilik tina peunteun dumasar aspék nu dititénan boh tina rata-rata peunteun siswa; sarta
- 4) dina kagiatan pra-siklus, siswa ngahontal rata-rata peunteun 57,27 kalayan ngan aya 22,7% siswa nu tuntas diajar maca warta. Dina siklus I, kamampuh siswa ngaronjat kalayan ngahontal rata-rata peunteun 74,55 nyaéta aya 72,7%

siswa bisa ngahontal KKM. Satuluyna, rata-rata peunteun ngahontal deui nepi ka 79,09 dimana sakabéh siswa ngahontal peunteun nu tuntas 100%. Ku kituna, dumasar ieu hal katitén yén larapna modél *Explicit Instruction* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran maca warta.

## 5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Explicit Instruction* mangrupa modél nu luyu pikeun dilarapkeun dina pangajaran maca warta. Ku cara mintonkeun *video* warta jeung ngaregepkeun conto ti guru, siswa jadi meunang gambaran konkrit pikeun maca warta basa Sunda. Sabab sanggeus dibéré instruksi, siswa bisa langsung latihan nu tuluy diaping ku guru. Pangajaran maca warta nu ngagunakeun modél *Explicit Instruction* karasa leuwih éféktif dibandingkeun jeung pangajaran nu biasa dilakukeun saméméhna.

## 5.3 Rekomendasi

Dumasar ieu panalungtikan, aya sababaraha rékomendasi anu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun panalungtik saterusna nu baris ngalakukeun panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Explicit Instruction*, ieu modél bisa dilarapkeun ogé dina matéri salian ti maca warta. Salian ti éta, kudu aya *inovasi* dina prak-prakanna sangkan bisa ngaronjatkeun deui kualitas hasil diajar siswa.
- 2) Pikeun guru basa Sunda, salian ti miboga pangaweu ngeunaan matéri pangajaran, guru ogé kudu miboga kaparigelan prakték pikeun ngarojong kagiatan pangajaran di kelas. Modél pangajaran *Explicit Instruction* ieu bisa dilarapkeun dina pangajaran basa Sunda pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa.
- 3) Pikeun mahasiswa hususna dina widang keguruan, ieu panalungtikan bisa dijadikeun hiji gambaran dina ngalaksanakeun kagiatan PTK sangkan bisa ngaronjatkeun kualitas profésional nalika jadi guru.